

KONNEN DWA OU YO

Ou gen dwa pou vote nan yon eleksyon jeneral si:

- Ou se yon votè enskri.
- Ou rive nan biwo vòt la avan 9è:00 p.m. nan Jou Eleksyon an.

Nan nenpòt eleksyon, ou gen dwa pou:

- Nenpòt moun ou chwazi pou ede ou (sòf patwon ou oswa reprezantan sendika ou), epi sa kapab yon moun k ap travay nan biwo vòt la ki te jwenn fòmasyon, si ou bezwen èd pou vote.
Si ou bezwen yon entèprèt, entèprèt yo disponib pou ede votè yo nan sèten biwo vòt.
 - **Rele 866-VOTE-NYC pou plis jwenn enfòmasyon, tankou ki biwo vòt ki gen entèprèt disponib pou lang Panyòl, Chinwa (Kantonè ak Mandaren), Koreyen oswa Bangla.**
 - **Al gade nan [nyc.gov/ImmigrantsVote](https://www.nyc.gov/ImmigrantsVote) pou wè kikote ki gen entèprèt ki disponib pou lang Ris, Kreyòl Ayisyen, Polonè, Yidich, Italyen ak Arab.**
- Antre ak yon entèprèt nan kabin pou vote a.
- Mande moun k ap travay nan biwo vòt yo kijan pou ou vote.
- Pote materyèl sou kandida yo ak kesyon bilten vot yò avèk ou, tankou Gid Votè CFB a oswa materyèl ki tradui ki nan FlipYourBallot.nyc. (Tanpri, retounen lakay ou ak materyèl sa yo lè ou fin vote.) Vote menmsi machin vòt la pa mache.
- Vote ak yon “bilten vòt selon afidavit” si non ou pa sou lis votè yo nan biwo vòt ou a.

Si w ap vote pou premye fwa, ou ka oblije montre idantifikasyon pou vote nan eleksyon sa a.

- Kalite pyès idantite yo aksepte gen ladan kat ID ak foto ou sou li oswa bòdwo valab pou sèvis piblik, etadkont labank, chèk gouvènman oswa chèk travay ou, oswa dokiman gouvènman ki montre non ak adrès ou.
- Si ou pa kapab oswa ou chwazi pa montre pyès idantite, ou gen dwa pou vote ak bilten vòt selon afidavit.

VOTE

Twa (3) etap fasil pou vote nan Jou Eleksyon an. Mande pou w itilize Aparèy pou Make Bilten Vòt (Ballot Marking Device) si ou bezwen yon moun ede ou pou ranpli chwa ou yo.

1 | Chèche Bilten Vòt ou

- Ale nan biwo vòt ou a epi chèche tab ki pou Distri Asanble/Distri Eleksyon ou a (w ap jwenn nimewo sa yo sou avi ou resevwa nan men Komite Eleksyon [Board of Elections, BOE] an ak etikèt adrès Gid pou Votè ou an).
- Enskri epi pran papye bilten vòt ou nan men travayè biwo vòt la. Yo pral ba ou yon katab (pòch anplastik) prive pou moun pa ka wè bilten vòt ou a apre ou fin make li.
- Ale nan kabin prive a oswa mande pou w itilize yon aparèy pou make bilten vòt.

2 | Make Toude Bò Bilten Vòt ou

- Pou make bilten vòt ou a, nwasi tout ti won oval la akote chwa ou a ak plim yo te ba ou a.



- PA mete yon “X” ni yon “✓”, pa ansèkle oval la, ni pa fè mak sou bilten vòt la.
- Pou yon kandida ou ka ajoute non li alamen, ranpli ti won oval ki apwopriye a epi ekri non kandida a.
- PA pliye bilten vòt ou a. PA siyen ni ekri non ou sou bilten vòt ou a.

3 | Eskane Bilten Vòt ou a

- Pote bilten vòt ou te make a nan katab prive a pou ale kote pou eskane a.
- Peze bouton ki apwopriye sou ekran an pou chwazi lang ou vle a.
- Mete bilten vòt ou te make a nan eskanè a pou depoze vòt ou. Eskanè a ap aksepte bilten vòt yo nan nenpòt direksyon epi l ap li toude bò yo. Eskanè a ap fè ou konnen lè vòt ou a pase.

Pou Ekri Non Kandida Alamen

Si ou vle vote pou yon kandida non li pa nan bilten vòt la, ou dwe:

- ranpli ti won oval la kote yo mete pou ekri non kandida yo alamen epi
- ekri oswa mete so non kandida a nan menm ti bwat sa a.

Fason pou Itilize Aparèy pou Make Bilten Vòt (Ballot Marking Device)

Aparèy pou Make Bilten Vòt la bay votè yo de (2) fason pou itilize bilten vòt la:

- Gade bilten vòt la sou ekran an
- Koute bilten vòt la nan ekoutè odyo yo

Aparèy pou Make Bilten Vòt la bay votè yo kat (4) fason pou make bilten vòt la:

- Ekran Taktil
- Klavye (Braille)
- Aparèy pou Rale ak Lage Souf
- Bouton ou Chwazi

Swiv etap sa yo pou make bilten vòt ou lè ou itilize Aparèy pou Make Bilten Vòt la:

- Deside kijan ou pral sèvi ak bilten vòt la.
- Mete bilten w lan sou plato a.
- Chwazi lang ou pi pito a.
- Aparèy pou Make Bilten Vòt la ap gide ou pandan tout pwosesis pou w chwazi ak gade chwa ou yo.
- Pou chanje yon seleksyon, chwazi konkou oswa pwoblèm ou ta renmen chanje a epi fè bon chwa a. Chwazi “SWIVAN” pou retounen sou ekran rezime a.
- Chwazi “Make Bilten Vòt la” pou enprime bilten vòt ou te make a.
- Ale ak bilten vòt ou ki enprime a ak kat votè ou kote pou eskane a.
- Si ou ta renmen yon moun ede ou mete bilten vòt ou a nan eskanè a, yon travayè biwo vòt ap ede ou.

Sonje...

Vire bilten vòt ou a! Kapab gen enstriksyon ak/oswa pwopozisyon bilten vòt pou w vote sou do a.

Ranpli ti won oval la nèt. PA mete yon “x”, yon “✓”, ni pa antoure oval la.

Vote pou yon sèl moun amwenske yo di pou ou fè yon lòt bagay. Nan premye kolòn chak ranje, bilten vòt la pral di konbyen chwa ou genyen. Nan pifò ka, li pral di “Vote pou YOUN (1)”, men nan kèk ka li ka di “Vote pou nenpòt DE (2)”, “Vote pou nenpòt TWA (3)”, elatriye. Sa vle di ou ka vote pou jiska kantite kandida sa yo. Tanpri li bilten vòt la ak anpil atansyon pou w pa vote twòp opsyon oswa ou pa vote ase opsyon.

Ou ka vote pou yon kandida ou ajoute non li alamen. Ou ka ranpli ti won oval la epi ekri non yon kandida ki pa gen non li nan bilten vòt la nan kote yo mete a pou vote pou li.

Asire w ou vote pou chak biwo ak pou chak kesyon nan bilten vòt la. Pran san w pou gade bilten vòt ou a avan ou eskane li. Asire w ou te vote pou chak kous ak chak pwopozisyon bilten vòt. Eskanè a pral di ou di ou te bliye make yon ti won oval pou youn oswa plis kous oswa kesyon nan bilten vòt la oswa si ou te vote pou twòp ti won oval, epi ba ou chwa pou rebran bilten vòt ou a pou w ka korije li. Si ou chwazi pou depoze vòt ou a kanmenm, yo pa pral ba ou yon dezyèm chans pou vote.

Pwoblèm ak Solisyon

Mwen te fè yon fot lè mwen t ap make bilten vòt mwen an.

Pa eseye efase ni chanje bilten vòt ou a. Mande yon travayè biwo vòt la pou ba ou yon nouvo bilten vòt. Chak votè ka mande jiska 3 bilten vòt antou.

Tèks la twò piti; mwen pa ka li bilten vòt sou papye mwen an.

Pral gen fèy ou ka li ak loup agrandisan k ap disponib. Ou ka mande pou itilize yon Aparèy pou Make Bilten Vòt (Ballot Marking Device) tou.